



**Haitian Creole Edition**  
**Grade 8 Mathematics Test, Book 3**  
**March 6–12, 2008**

**Pwogram Egzamen Leta Nouyòk**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 3**

Ane **8**

**6–12 mas 2008**

**Non** \_\_\_\_\_



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2008 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

## TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijasyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstriksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.
- Sèvi ak kalkilatris ou pou ede rezoud pwoblèm ki nan pati sa a nan egzamen an.




Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

## Fich Revizyon Matematik

### FÒMIL

Teyorèm Pitagò



$$c^2 = a^2 + b^2$$

Enterè Senp

$$I = prt$$

Distans Fòmil

$$d = rt$$

### KONVÈSYON

Konvèsyon Tanperati

$$F = \frac{9}{5}C + 32$$

$$C = \frac{5}{9}(F - 32)$$

Konvèsyon Mezi

$$1 \text{ mil} = 5.280 \text{ pye}$$


$$1 \text{ yad} = 3 \text{ pye}$$

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk



34

Nan chema ki anba a,  $\angle PRQ$  mezire  $73^\circ$ .



[pa trase selon echèl la]

Ki mezi  $\angle QRT$  ?

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ degre

***Kontinye***

**35**


Ki polinom rezilta soustraksyon ki anba a?

$$(3x^2 + 4x - 7) - (x^2 - 2x + 6)$$

**Montre travay ou.****Repons** \_\_\_\_\_

**36**

Nan triyang ABC ki anba  $a$ , longè  $\overline{AB}$  se 9 mètr epi longè  $\overline{BC}$  se 7 mètr. Sèvi ak teyòrèm Pitagò pou jwenn longè  $\overline{AC}$  nan **dizyèm** yon mètr ki **pi pre**  $a$ .



[pa trase selon echèl la]


**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ mètr

***Kontinye***

37

Nan chema ki anba a,  $\overleftrightarrow{MN} \parallel \overleftrightarrow{OP}$ , epi dwat sekant  $k$  koupe toulède dwat yo.



[pa trase selon echèl la]

Endike non de ang nan chema a ki kongriyan a  $\angle 4$ .

**Repons**  $\angle$  \_\_\_\_\_ ak  $\angle$  \_\_\_\_\_

Sou liy ki anba yo, eksplike kouman ou te detèmine ang sa yo te kongriyan a  $\angle 4$ .

---

---

---

---

---



**38**

Tyrone fè vwayaj entènasyonal pou komès. Nan yon vwayaj pou ale Japon, Tyrone itilize to chanj ki prezante nan tablo anba a.

Dola ameriken	Yenn japonè
\$1,00	115,19¥

Yenn japonè	Dola ameriken
1¥	\$0,008681

Ki valè 75 dola ameriken an yenn japonè? **Awondi** repons ou pou rive nan yenn ki pi pre a.


**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ ¥

***Kontinye***

39

Graf ki anba a montre chanjman nan tanperati yon vè dlo tiyo yo mete nan yon frizè.



Itilize enfòmasyon ki nan graf la pou detèmine konbyen **minit total** dlo a pran pou rive a 0°C.

**Repons** \_\_\_\_\_ minit

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou te jwenn repons ou.

---

---

---

---

---

---

**40**

Ramona se yon ajan vwayaj. Li resevwa yon komisyon 6% sou lavant pakè vakans yo.

***Pati A***

Konbyen komisyon Ramona ap fè si li vann pakè vakans pou \$3.600?

***Montre travay ou.***

***Repons*** \$ \_\_\_\_\_

***Pati B***


Ramona resevwa yon bonis adisyonèl 2% sou lavant pakè vakans pandan mwa fevriye a. Ki total komisyon ak bonis li ta resevwa si li vann pakè vakans pou \$3.600 pandan mwa fevriye a?

***Repons*** \$ \_\_\_\_\_

***Kontinye***

41

Sou plan kouwòdone ki anba a, trase imaj poligòn ABCDE ki deplase 8 inite adwat epi 4 inite anwo. Mete lejann sou imaj A'B'C'D'E'.



42

Consuelo al achte nan boutik epi li wè pri pou 4 melon se \$7,00. Ekri pwopòsyon Consuelo kapab itilize pou li jwenn pri 1 melon.

**Pwopòsyon** \_\_\_\_\_

Itilize pwopòsyon lan pou jwenn pri 1 melon.

**Montre travay ou.**

**Repons** \$ \_\_\_\_\_

***Kontinye***

**43**

Tablo ki anba a montre kouwòdone triyang RST ak kouwòdone  $R'$  nan triyang  $R'S'T'$ . Triyang  $R'S'T'$  se yon dilatasyon triyang RST.

Triyang RST		Triyang $R'S'T'$	
R	$(-2, -3)$	$R'$	$(-6, -9)$
S	$(0, 2)$	$S'$	
T	$(2, -3)$	$T'$	

**Pati A**


Ki kouwòdone pwen  $S'$  ak pwen  $T'$  ?

**Repons**  $S' = (\text{---}, \text{---})$

$T' = (\text{---}, \text{---})$

**Pati B**


Sou kadriyaj ki anba a, trase triyang RST ak triyang R'S'T'.



***Kontinye***

44

Nan chema ki anba  $a$ , dwat  $r$  ak dwat  $t$  paralèl. Dwat  $n$  se yon dwat sekant.



[pa trase selon echèl la]

Ki mezi  $\angle A$  an degre?


**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ degre



45

Nan chema ki anba a,  $\angle DEF$  ak  $\angle FEG$  konplemantè.



[pa trase selon echèl la]

Ki mezi  $\angle FEG$ ?

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ degre

**RETE LA**





---

---

Place Student Label Here



**Ane 8**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 3**  
**6–12 mas 2008**

**Grade 8**  
**Mathematics Test**  
**Book 3**  
**March 6–12, 2008**